

Wangsulane

Gusti Allah

'Dakrungokne apa kang dadi pangandikane
Allah Yehuwah.'


(Kitab Jabur 85:9)



YAKIN, Surabaya
untuk
SGM, Eccleston Street
London, SW1W 9LZ
Dicetak di Indonesia

I S I N E

Bab Gusti Allah	1 - 5
Apa ta dosa iku	6 - 9
Wangsulane Gusti Allah tumrap dosa	10 - 11
Kapriye sadulur bisa sowan ing ngarsane Allah	12 - 14
Artine iman sajrone Kristus	15 - 16
Kapriye nglakoni urip cara Kristen	17 - 18
Titi mangsane wong Kristen	19
Pitutur-pitutur kang temen	20
Timbalane Juru Slamet	21



(1) Kapriye Gusti anggone ngatingalake sarirane ing kawitan ?

Ing kala purwa Allah nitahake langit lan bumi. *Purwaning Dumadi 1:1*

Dene Yehuwah kang nitahake sakehe langit, iya Allah kang yasa bumi, sarta diwangun lan disantosakake, enggone nitahake ora supaya ditilar suwung, nanging enggone mangun supaya dienggoni, iku ngandika mengkene : Ingsun iki Yehuwah, lan ora ana pepadhaningsun . . . Ingsun iki Yehuwah kang ndhawuhake kang temen. *Yesayah 45:18-19*

(2) Kapriye patrape Gusti ngatingalake sarirane marang manungsa ?

Langit ngandhakake kamulyane Allah, sarta akasa mratelakake yejasaning astane.

Kitab Jabur 19:2

Awitdene kang ora katingal ana ing Gusti Allah, iya iku kakiyatane kang langgeng lan kaallahane, iku wiwit dumadine jagad, bisa kasumurupan saka ing pakaryane.

Rum 1:20

Sawise nalika jaman biyen Gusti Allah ngandika marang para leluhur kita nganti marambah-rambah sarta kalawan patrap warna-warna lumantar para nabi, ing jaman wekasan iki Panjenengane wus ngandika marang kita lumantar Kang Putra, kang wus ditetepake dadi ahli-warise tumrap samubarang kabeh; iya lumantar Panjenengane Gusti Allah anggone wus nitahake alam jembar.

Ibrani 1:1-2

(3) Kapriye watake Gusti ?

Apa kowe padha ora ngrasakake ta, apa orangrungu warta yen Yehuwah iku Allah kang langgeng, kang nitahake bumi salumahe, ora ana sayahe utawa lesune pisan-pisan; kawicaksanane ora kena dijajagi ?

Yesayah 40:28

Dene kang Mahaluhur lan Mahamulya, kang akedhaton langgeng, kang Mahasuci asmane, ngandika mengkene : Ingsun dumuning ana ing panggonan luhur lan suci, sarta ana ing wong kang trenyuh tuwin rempu atine, supaya Ingsun nguripake rohe wong kang rempu atine, sarta nguripake atine wong kang trenyuh.

Yesayah 57:15

Gusti Allah iku pepadhang lan Panjenengane ora kadunungan pepeteng babar pisan.

1 Yohanan 1:5

Gusti Allah iku katresnan. Sihe Gusti Allah iku kababarake ana ing antara kita, iya iku dene Gusti Allah wus ngutus Kang Putra ontang-anting ngrawuhi jagad supaya kita padha urip marga dening Panjenengane.

1 Yohanan 4:8-9

(4) Apa kang dikersakake Gusti saka manungsa ?

Apa kang dadi pamundhute Yehuwah Allahmu marang kowe ing samengko,

kejaba mung supaya kowe wedi-asiha marang Yehuwah Allahmu, lumakua ana ing sakehe dalan pitedahe sarta tresnaa lan ngabektia marang Yehuwah Allahmu klawan gumolong atimu lan gumolong nyawamu.

Pangandharing Toret 10:12

Paring wangsulane Gusti Yesus : Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku : Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe.

Mateus 22:37-39

Anadene pepakone iku yaiku : Supaya kita padha pracaya marang asmane Gusti Yesus Kristus, Kang Putra, lan supaya padha tresna-tinresnanana cocog karo pepakon kang kadhawuhake dening Sang Kristus marang kita.

I Yohanan 3:23

**(5) Apa bisa manungsa tanpa, owah, ngerti
dalan-dalane Allah ?**

Nanging manungsa kadagingan ora nampani apa kang asale saka Rohe Gusti Allah, awit bab iku tumraping wong mau sawijining kabodoan; sarta wong iku ora bisa mangerti, awit bab mau mung bisa kawawas cara kasukman.

1 Korintus 2:14

Awit ciptaningsun iku dudu ciptanira, tuwin lakunira iku dudu tindakingsun, mengkono pangandikane Yehuwah, malah sepira dhuwure langit enggone ngungkuli bumi, iya semono dhuwure tindakingsun enggone kinaot karo lakunira, tuwin ciptaningsun enggone kinaot karo ciptanira.

Yesayah 55:8-9

(6) Apa kang misahake manungsa karo Gusti ?

Nanging durakamu kang dadi singgetan ing antarane Allahmu lan kowe, tuwin dosamu kang ndadekake Panjenengane ngaling-alangi wedanane, temah ora miyarsakake.

Yesayah 59:2

Menawa ing atiku anaa pangangen-angен
marang duraka, mesthi panyuwunku ora
dipiarsakake dening Pangeran.

Kitab Jabur 66:18

Sing sapa ora mituhu marang Sang Putra,
iku bakal ora weruh ing urip, nanging malah
langgeng anggone kataman ing bebenduning
Allah.

Yokanan 3:36

Sing sapa ora pracaya, iku wus kapa-
trapan, amarga ora pracaya marang Asmane
Putraning Allah kang ontang-anting. Anadene
mungguh paukuman mau mangkene : Sang
Padhang iku wus rawuh ing jagad, nanging
manungsa padha luwih rumaket marang
pepeteng, tinimbang karo pepadhang, amarga
panggawe-panggawene ala.

Yokanan 3:18-19

(7) Apa ta dosa iku?

Sakabehing piala iku dosa.

I Yokanan 5:17

**Mangka samubarang kang ora kalambaran
pracaya, iku dosa.**

Rum 14:23

Gusti Yesus ngandika : Sabab saka ing jero, saka ing sajroning atine manungsa, thukul sakabehing pikiran sing ala, kang lekoh, kadurjanan, gawe pati, laku bandrek, srakah, piala, akal palsu, hawa-nepsu, meri, panyatur ala, gumedhe, tanpa budi. Sakehe piala iki thukul saka ing jero lan marakake najis marang manungsa.

Markus 7: 21-23

Padha diwaspada, supaya ing antaramu aja ana kang kadunungan ati ala sarta ora pracaya.

Ibrani 3: 12

(8) Apa saben wong nduwéni dosa ?

Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah.

Rum 3: 23

Yehuwah wus ngawasake saka ing swarga marang para anaking manungsa, apa ana kang mawa budi, kang ngupaya Allah. Wus padha nasar kabeh, sagolongané wus dadi

banger, ora ana kang gawe becik, sija bae ora ana.

Kitab Jabur 14: 2-3

Kita padha nglambrang kaya wedhus,
dhewe-dhewe kang kita ener.

Yesayah 53: 6

Saupama kita padha ngaku ora duwe dosa, dadi padha ngapusi awak kita dhewe lan ora kadunungan kayekten.

1 Yokanan 1:8

(9) Apa ta akibate dosa iku ?

Mulane padha kaya tekane dosa ing jagad jalaran saka wong siji, sarta tekane pati marga saka dosa mau, mangkono si pati iya wus nyrambah marang wong kabeh, jalaran wong kabeh mau wus padha gawe dosa.

Rum 5:12

Wong kang gawe dosa iku kang bakal mati.

Yekhiskiel 18:4

Manawa dosa iku wus mateng ba' al nglairake pati.

Yakobus 1:15

Pituwase dosa iku pati.

Rum 6:23

Sing sapa ora mituhu marang Sang Putra,
iku bakal ora weruh ing urip, nanging
malah langgeng anggone kataman ing
bebenduning Allah.

Yokanan 3:36

(10) Kapriye penggalihé Gusti tumrap wong
dosa lan dosane iku ?

Mengkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, patine wong duraka ora ndadekake
keparenge galihingsun, nanging menawa wong
duraka iku mratobat ngunduri lakune,
temah urip.

Yekhiskiel 33:11

Nanging (Pangeran) nyabari kowe, sabab
karsane aja nganti ana wong kang nemu
bilai, nanging supaya kabeh wong padha
bali sarta mratobat.

2 Petrus 3:9

Awit saking punika sami kula aturi enget
saha sami mratobata, supados dosa pan-
jenengan kaapunten.

Para Rasul 3:19

Gusti Allah sapunika martosaken dhateng manungsa, bilih wontena ing pundhi-pundhi kemawon, sadaya tiyang kedah mratobat.

Para Rasul 17:30

(11) Apa ana pakaryane Gusti tumrap dosa ?

Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng.

Yokanan 3:16

Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika kita isih padha kawengku ing dosa.

Rum 5:8

Sang Kristus wus nglampahi seda marga saka dosa-dosa kita, nyondhongi surasaning Kitab Suci, manawa Panjenengane wus kasarekake, sarta ing telung dinane wus kawungokake, cundhuk karo surasaning Kitab Suci.

1 Korintus 15:3-4

Gusti Yesus ngandika : Amarga Putraning Manungsa iku rawuhe ora supaya diladeni, nanging sumedyo ngladosi lan masrahake nyawane minangka panebuse wong akeh.

Markus 10:45

(12) Apa kang perlu tak lakoni supaya slamet ?

Kula aturi pitados dhateng Gusti Yesus Kristus, temah panjenengan badhe wilujeng.

Para Rasul 16:31

Pangandikane Yesus : Aku iki lawange; sapa kang lumebune metu ing Aku, iku bakal kapitulungan rahayu.

Yokanan 10:9

Manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti, lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokake Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu. Sabab, kalawan ati wong iku anggone pracaya sarta kabenerake, lan kalawan tutuk wong anggone ngakoni pracaya, sarta kapitulungan rahayu.

Rum 10:9-10

Panjenengane (Yesus) nylametake marang kita, ora marga saka panggawe becik kang wis kita lakoni, nanging marga saka sih-rahmate.

Titus 3:5

(13) Sebab apa Gusti Yesus seda kanggo nylametake kita ?

Kang wus masrahake sarirane kanggo kita, supaya kita luwar saka ing sakabehing piala.

Titus 2:14

Ora ana pangapura manawa tanpa wutahing getih.

Ibrani 9:22

Anggonmu katebus... srana getih Kristus kang akeh ajine.

1 Petrus 1:18-19

Saiki Panjenengane mung sapisan anggone nglairake sarirane, ... perlu mbirat dosa srana kurbane piyambak.

Ibrani 9:26

Sabab Gusti Yesus Kristus uga wus nglampahi seda sapisan marga dosa kita kabeh, Panjenengane kang tanpa kaluputan kanggo wong-wong kang kaluputan, supaya kita padha bisa kasowanake marang ing ngarsanining Allah.

1 Petrus 3:18

Gusti Allah lumantar
ngrukunake jagad karo
piyambak. Sang Kristus
Panjenengane
2 Korintus 5:19

(14) Apa ana dalan liyane kang ngolehake keslametan ?

Asmanipun Gusti Yesus Kristus saking Nazaret . . . Kaliyan malih boten wonten karahayon wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten wonten asma sanesipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita. *Para Rasul 4:10,12*

Pangandikane Gusti Yesus : Aku iki dalane, sarta jatine kayekten lan kauripan, Ora ana wong siji-sija kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku. *Yokanan 14:6*

Amarga Gusti Allah iku asipat tunggal,
samono uga Panjenengane kang dadi
pantawis kita ing antarane Gusti Allah lan
manungsa iku uga mung siji, yaiku Sang
Manungsa Kristus Yesus, kang wus
masrahake sarirane minangka panebus

kanggo wong kabeh.

1 Timoteus 2:5-6

(15) Apa ana pepestening pangapurane dosa tumrap siji-sijining wong ?

Kang wus kaulungake awit saka panerak kita, sarta kawungokake awit saka anggon kita padha kabenerake.

Rum 4:25

Sawise rampung anggone ngresiki dosa, Panjenengane lenggah ing satengene Kang Mahaagung ana ing ngaluhur.

Ibrani 1:3

Inggih Panjenenganipun (Yesus) punika ingkang dipun seksemi para nabi sadaya, bilih sinten ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, badhe tampi pangapuntening dosa margi saking Asmanipun.

Para Rasul 10:43

Sepira dohe wetan saka ing kulon, iya semono enggone ngedohake panerak kita saka ing awak kita.

Kitab Jabur 103:12

Kita wus padha kaparingan urip langgeng dening Gusti Allah, lan urip iku dumunung ana ing Kang Putra. Anggonku nulis prakara iki mau kabeh marang kowe iku, supaya kowe kang padha pracaya marang Asmane Putraning Allah padha sumurupa, yen kowe kabeh iku padha nduweni urip langgeng.

1 Yohanan 5:11,13

(16) Nampani apa wong kang pracaya marang Yesus Kristus dadi Gusti lan Juruslamete ?

a. Pangapurane dosa; rukunkalawan Allah.

Margi saking Panjenenganipun punika, panjenengan sadaya sami kawartosan bab pangapuntening dosa, saha wonten ing Panjenenganipun saben tiyang ingkang pitados, kaluwaran saking sadaya dosa; punika boten saged panjenengan tampeni saking angger-angeripun Nabi Musa.

Para Rasul 13:38-39

Mulane kita kang wus padha kabenerake awit saka pracaya, kita padha urip kalawan rukun karo Gusti Allah marga dening Gusti kita, Gusti Yesus Kristus.

Rum 5:1

Pangandikane Gusti Yesus : Kowe padha daktinggali tentrem-rahayu. Tentrem-rahayu-Ku dakwenehake marang kowe.

Yokanan 14:27

b. Urip kang langgeng.

Anadene kang dadi paseksine : Kita wus padha kaparingan urip langgeng dening Gusti Allah, lan urip iku dumunung ana ing Kang Putra. Sapa kang nduweni Sang Putra, iku nduweni urip. Sapa kang ora nduweni Putraning Allah, iku ora nduweni urip.

1 Yokanan 5:11,12

Pangandikane Gusti Yesus : Satemtemene pituturKu ing kowe : Wong kangngrungokake ing pituturKu, sarta pracaya marang kang ngutus Aku, iku nduweni urip langgeng, tuwin bakal ora bakal katut kaukum, jalaran wus ngalih saka ing pati marang urip.

Yokanan 5:24

c. Waris dadi putrane Allah.

Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi

para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane, kang laire ora saka ing getih, iya ora saka pakarema-ning daging utawa saka karepe wong lanang, nanging saka ing Allah.

Yokanan 1:12,13

Nanging bareng wus tekan ing ganepe mangsa, Gusti Allah ngutus Kang Putra, kang miyos saka wanita, miyos kawengku ing angger-anggering Toret, prelu nebus kabeh kang padha kawengku ing angger-anggering Toret, supaya kita bisa katarimah dadi putra, lan sarehne kowe iku padha dadi putra, mulane Gusti Allah wus ngutus Rohing Kang Putra marang ing sajroning ati kita, kang nguwuh: Abba, Rama.

Galatia 4:4-6

d. Urip anyar.

Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar; kang lawas wus sirna, lah kang anyar pranyata wus teka.

2 Korintus 5:17

Awit sihe Gusti Allah wus kaesokake
ing ati kita dening Sang Roh Suci, kang
wus pinaringake marang kita.

Rum 5:5

Lakumu padha manuta marang Roh,
lan aja nuruti kapencuting daging.

Galatia 5:16

**(17) Kapriye saiki patrape ngopeni urip
kang anyar iku ?**

Padha dadia santosa ana ing patunggi-
lane Gusti, lan ing kasektening panguwasane.
Padha sikepa praboting prange Gusti Allah,
supaya kowe bisa nadhahi gelar kajuligane
iblis.

Efesus 6:10,11

Pangandikane Gusti Yesus : Padha meleka
lan ndedongaa, supaya kowe aja tumiba
ing panggodha. Roh iku pancen cumadhang,
nanging daging iku ringkih.

Mateus 26:41

Aja madha rupa kaya jagad iki, nanging
padha salina marga saka budimu kaanyarake,
satemah kowe bisa niteni apa kang dadi

karsane Gusti Allah, apa kang becik, kang ndadekake keparenge Gusti Allah lan kang sampurna.

Rum 12:2

Padha mundhak-mundhaka ing sih rahmat sarta ing pangawruh marang Gusti lan Sang Juru Wilujeng kita, Gusti Yesus Kristus.

2 Petrus 3:18

Sakehing tulisan kang diwangsitake dening Gusti Allah iku pancen migunani kanggo memulang, kanggo melehake, kanggo mbangun wewatekan tuwin, kanggo ngguławenthah ing sajroning kayekten. Marga saka mangkono saben wong kagungane Gusti Allah iku disamektani kanggo nindakake samubarang kang becik.

2 Timoteus 3:16-17

(18) Pitulungan apa kang kacawisake tumrap wong Kristen ing uripe saben dinane ?

a. Saben dina nyinau Kitab Suci.

Pangandikane Gusti Yesus : Manawa kowe padha ngantepi ing pituturKu, kowe sanyata padha dadi siswaKu, sarta bakal padha mangerti ing kayekten, lan kayekten

iku bakal mardikake kowe.

Yokanan 8:31-32

Wong-wong Yahudi ing kutha kono atine padha luwih becik sabab padha nampani pangandika kalawan eklasing ati sarta saben dina padha niti priksa Kitab Suci.

Para Rasul 17:11

Ujer samubarang kang katulisan ing sadurunge, iku katulisan minangka piwulang kanggo kita, supaya kita ngandhemana ing pangarep-arep kalawan sabar mantep sarta kalawan gondhelan panglipur kang saka ing Kitab Suci.

Rum 15:4

b. Sregep ndedonga.

Gusti Yesus paring pasemon marang para sakabate, kang wose supaya tansah padha ndedonga, aja nganti bosen.

Lukas 18:1

Kang iku payo padha sowan kalawan kendel marang dhamparing sih-rahmat, supaya kita oleh palimirma, sarta nemu sih-

rahmat kang njalari kita kapitulungan ing mangsa kang becik.

Ibrani 4:16

Pangandikane Gusti Yesus : Manawa kowe padha tetep dumunung ana ing Aku lan pituturKu tetep dumunung ana ing kowe, padha nyenyuwuna apa bae kang kok-karepake mesthi bakal katurutan.

Yokanan 15:7

Lan apa bae kang kok-suwun atas saka jenengKu, Aku bakal ngleksanani, supaya Sang Rama kaluhurna ana ing Sang Putra. Manawa kowe padha nyuwun apa-apa marang Aku atas saka jenengKu, iku Aku kang bakal ngleksanani.

Yokanan 14:13,14

Dene manawa panunggalanmu ana kang kekurangan kawicaksanan, iku nyuwuna marang Gusti Allah, kang maringi marang sakabehing wong kanthi eklas, ora kanthi ngundhat-undhat, sarta bab iku bakal kaparingake marang dheweke. Mung bae panyuwune iku kang kanthi pracaya sarta aja nganggo mangu-mangu.

Yakobus 1:5-6

Aja padha nyumelangake bab apa bae,
nanging padha lairna sakehing pepenginanmu
marang Gusti Allah ing pandonga lan
panyuwun klawan caos sokur.

Filipi 4:6

c. Pakaryane Rohing Allah.

Pangandikane Gusti Yesus : Aku bakal
nyuwun marang Sang Rama, nuli kowe
bakal padha diparingi Sang Juru Panglipur
liyane, supaya Panjenengane nunggala karo
kowe, iya iku Rohing Kayekten.

Yokanan 14:16-17

Apa kowe padha ora sumurup, yen
badanmu iku dadi padalemane Sang Roh
Suci kang ana ing kowe, Sang Roh Suci
kang kaparingake marang kowe dening
Gusti Allah, sarta yen awakmu iku dudu
awakmu dhewe ? Sabab kowe wus padha
tinuku lan wus kabayar lunas : Mulane
padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu.

1 Korintus 6:19,20

Dene wohing Roh yaiku : katresnan, kabungahan, tentrem-rahayu, sabar-sareh, paramarta, kabecikan, setya, alusing bebu-den, bisa ngemudheni dhiri.

Galatia 5: 22-23

d. **Dedonga lan ngabekti marang Allah.**

Kang iku payo kita padha tansah saos kurban pamuji sokur marang Gusti Allah lumantar Panjenengane, iya iku kang arupa wohing lambe kang ngluhurake asmane. Sarta aja lali nindakake kabecikan lan aweh pitulungan, jalaran iya kurban-kurban kang mangkono iku kang ndadekake keparenge Gusti Allah.

Ibrani 13: 15,16

Mara padha engon-ingengon, supaya padha atag-ingatag ing katresnan lan ing pangawe utama. Kita aja ngedohi pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita, kaya pakulinane sawenehing wong, ananging payo padha eling-ingelingake, sarta ngarepake dinaning Gusti kang saya cedhak iki disaya mempeng anggon kita tumindak ing gawe.

Ibrani 10: 24,25

Kowe padha dibakuh, ditanpa gingsir,
lan tansah disregep anggonmu nglakoni
ayahane Gusti. Awit kowe padha sumurup,
yen ana ing patunggilaning Gusti, kangelan-
mu mesthi ora muspra.

1 Korintus 15:58

e. Pracaya ing Kristus supaya bisa ngalahake dosa lan panggodha.

Marga saka iku padha nungkula marang Allah. Iblis tanggulangen, temahan bakal lumayu nglungani kowe.

Yakobus 4:7

Kang padha kokalami iku pacoban-pacoban kang lumrah, kang ora ngluwih kakuwatanning manungsa. Sabab Gusti Allah iku setya tuhu, ora bakal negakake kowe kacoba ngluwih saka ing kakuwatannya. Manawa kowe kena ing coba, Panjenengane bakal maringi marganining luwar, satemah kowe padha bisa mbetahake.

1 Korintus 10:13

Kaunggulan kang ngalahake jagad iku yaiku pracaya kita. *1 Yohanan 5:4*

Jalaran sarehne Panjenengane piyambak wis
nandhang sangsara marga saka kagodha,
dadi Panjenengane saged mitulungi marang
wong kang padha kena ing panggodha.

Ibrani 2:18

Manawa kita padha ngakoni dosa kita,
Panjenengane iku setya tuhu lan adil, temah
bakal ngapura sakehing dosa kita, sarta
ngresiki sakehing piala kita.

1 Yohanan 1:9

f. Dadi seksine Sang Kristus.

Dhawuhe Gusti Yesus : Ayo, padha
melua Aku, kowe bakal Dakdadekake
tukang golek uwong.

Markus 1:17

Pangandikane Gusti Yesus : Padha dadi
seksiKu.

Para Rasul 1:8

Pangandikane Gusti Yesus : Kowe muliha
menyang ing omahmu lan martak-martakna
kabeh apa kang wis katandukake dening
Allah marang kowe.

Lukas 8:39

Pangandikane Gusti Yesus : Saben wong
kang ngakoni Aku ana ing ngarepaning
manungsa, iku iya bakal Dakakoni

ana ing ngarsane RamaKu kang ana ing Swarga.

Mateus 10:32

Pangandikane Gusti Yesus : Padha ndlajahana jagad iki kabeh, Injil wartakna marang sakabehing tumitah.

Markus 16:15

(19) Kapriye mungguh dina mburine ?

a. Ing ngendi dununge wong pracaya iku sawise mati ?

Paring wangslane Gusti Yesus : Aku pitutur marang kowe, satemene ing dina iki uga kowe bakal bebarengan karo Aku ana ing Pirdus. *Lukas 23:43*

Manawa omah kita tarub ing bumi iki kabongkar, Gusti Allah wus nyawisake panggonan ing swarga kanggo kita, kang langgeng, kang ora kagawe dening tanganing manungsa. Nanging atiku padha tatag, lan aku kabeh malah luwih seneng ngalih saka ing badan iki lan manggon ing jero ndherek Gusti.

2 Korintus 5:1,8

b. Katantuane kapriye mungguh rawuhe maneh Sang Kristus ?

Pangandikane Gusti Yesus : Ing daleme RamaKu akeh panggonan. Manawa ora mangkono, kowe rak mesthi wis padha Dakkandhani. Awit Aku mrana prelu nyawisake papan marang kowe. Dene manawa Aku wus mrana lan wus nyawisake papan kanggo kowe, tumuli Aku bakal bali lan ngajak kowe menyang ing papan padunungan-Ku, supaya ing ngendi padununganKu, kowe iya padha anaa ing kono uga.

Yokanan 14: 2,3

Samangsa ana tengara, yaiku samangsa malaekat panggedhe nguwuh-awuh sarta kalasangkaning Allah kaunekake, ing kono Gusti piyambak bakal tumedhak saka ing swarga, lan wong-wong kang ngajal ana ing Sang Kristus bakal padha tangi dhisik. Sawise mangkono kita kang isih urip, kang isih kari, bakal padha kapulung bareng karo kang mentas tangi mau ana ing mega, methukake Gusti menyang ing awang-awang. Mangkono sabanjure kita bakal nunggal kala-wan Gusti ing salawase. *1 Tesalonika 4: 16,17*

Kita iki wargane kratoning swarga lan saka kono uga... Gusti Yesus Kristus kang dadi Juru Slamet.

Filipi 3:26

Gusti Yesus, kang sumengka marang ing swarga, nilar kowe kabeh iki, bakal rawuh maneh kanthi patrap kaya kang padha kokdeleng nalika Panjenengane minggah menyang ing swarga mau.

Para Rasul 1:11

(20) Pitutur-pitutur kang temen.

Pangandikane Gusti Yesus : Aja wedi marang wong-wong kang bisa mateni badan, nanging sawise mangkono ora bisa apa-apa maneh. Kowe padha Daktuduhi, sapa kang kudu kokwedeni. Padha wedia marang Panjenengane, kang sawise mateni iya kawasa nyemplungake wong menyang ing naraka. Sabenere Aku pitutur marang kowe : Iya Panjenengane iku kang kudu kokwedeni.

Lukas 12:4,5

Manungsa katetepake mati mung sapisan
bae, lan sawise iku diadili.

Ibrani 9:27

Siji-sijine panunggalan kita iku bakal
ngunjukake panjawab marang Gusti Allah
bab prakarane dhewe-dhewe.

Rum 14:12

Pangandikane Gusti Yesus : Sing sapa
nampik Aku, lan ora nampani pituturKu,
iku wus ana kang ngadili, yaiku pitutur
kang wus Dakwedharake, iku kang bakal
ngadili besuk ing dina wekasan.

Yokanan 12:48

Pangandikane Gusti Yesus : Nanging
manawa kowe ora padha mratobat, kowe
bakal padha tiwas kabeh kanthi patrap
mangkono.

Lukas 13:3

(21) Timbalane Juru Slamet.

Pangandikane Gusti Yesus : He, para
wong kesayahan lan kamomotan, padha
mrenea, Aku bakal gawe ayemmu.
Pasanganku padha tampanana ing

pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lan lembah ing budi, temahan kowe bakal padha oleh ayeming nyawamu.

Mateus 11: 28-29

Pangandikane Gusti Yesus : Aku iki roti panguripan; sing sapa marani Aku iku ora bakal luwe maneh, sarta sing sapa pracaya marang Aku iku ora bakal ngelak maneh. Sarta sapa kang marani Aku ora bakal Daktampik.

Yokanan 6: 35, 37

Pangandikane Gusti Yesus : Wruhanira, Ingsun jumeneng ana ngarep lawang sarta thothok-thothok; manawa ana wong kang krungu suwaraningsun lan ngengani lawang, Ingsun bakal lumebet manggihi lan bujana bebarengan karo wong iku lan wong iku karo Ingsun.

Wabyu 3: 20

Buku punika cuplikan saking Kitab Suci, Pangandikanipun Gusti Allah. Para maos kula aturi kanthi sanget kersoa mbudi daya angsal Kitab Suci piyambak kangge waosan, jalaran isi wahyunipun Gusti Allah kangge sadaya tiyang.